# Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- moo gënoon a rafet jikko ci nit ñi

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik, -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- moo gënoon a rafet jikko ci nit ñi.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- moo gënoon a mat jikko ci nit ñi, mbooleem jikko yu rafet yi moo ca jiitu, ci wax ju teey, ak jëf ju yiw, ak béllil xar kanam, ak téye lor te muñ ko ci ñeneen ñi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6180